

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Masyarakat Sunda kiwari hirup kumbuh di lingkungan anu eusi pendudukna hétérogen. Hal éta téh nétélakeun yén manusa teu bisa hirup nyorangan. Masyarakat Sunda geus tangtu ngalakukeun komunikasi jeung masarakat séjén, salah sahijina nya éta maké basa Sunda. Hal ieu luyu jeung eusi pasal 36 UUD 1945 BAB XV, nu nétélakeun “yén wewengkon anu masih kénéh mibanda basa daérah, kayaning; Sunda, Jawa, Bali, Madura, anu dipiara tur diparaké ku masarakatna téh bakal dipiara tur diajénan ku nagara.” Ku kituna basa katut tradisi mangrupa salah sahiji unsur kabudayaan nasional.

Karuhun bangsa Indonésia hususna urang Sunda mibanda kabudayaan nu luhung. Kabudayaan wujudna aya nu mangrupa matéri saperti candi-candi, bangunan-bangunan heubeul, artépak, jeung sajabana. Kabéh kabudayaan, rék nu bentukna bangunan atawa tulisan, di antarana naskah jeung sajabana, mangrupa asét pikeun urang Sunda hususna umumuna Indonésia, pikeun papagon sangkan leuwih ngariksa budayana sewang-sewangan. Sabab eusi jeung bentuk kabudayaan téh loba mangpaat jeung ajén-ajén positifna.

Jawa barat mangrupa salah sahiji provinsi nu miboga unsur budaya kacida réana. Di antarana aya rupa-rupa kasenian, upacara adat, tradisi atawa kabiasaan masarakat, upacara adat jeung sajabana nu mangrupa bagéan tina kabudayaan nasional. Tradisi Ngunjungan mangrupa bagéan integral tina kabudayaan

masarakat. Hiji tradisi bisa tumpur lamun henteu miboga pungsi. Rojongan ti masarakat bakal ayan lamun éta tradisi bisa nyumponan panganbutuh masarakatna boh individu atawa kelompok. Ieu tradisi bakal laksana upama aya gawé bareng di masarakat, nepi ka bisa ngaraketkeun solidaritas antar masarakat.

Pola pikir manusa mangrupa salah sahiji alat nu ngahasilkeun kabudayaan pikeun komunitasna. Lingkungan méré pangaruh nu kacida gedéna kana prosés gumelarna hiji kabudayaan. Hal éta nurutkeun paham *environmental determinism*, yén lingkungan nangtukeun hiji kabudayaan nu dihasilkeun tina pola pikir manusana, nu onjoy dina akal tur paripolahna.

Kabudayaan téh nya éta kabiasaan anu dipigawé ku masarakat dina kahirupan sapopoéna nu diturunkeun ti hiji generasi ka generasi satuluyna. Ieu hal luyu jeung pamadegan anu ditétélakeun ku Lincoln (dina Dede, 2008:3), “yén kabudayaan téh nya éta sakabéh pangaweruh”, sikep jeung paripolah anu mangrupa kabiasaan anu dipibanda sarta diwariskeun ku anggota hiji masarakat anu tangtu. Dina kapercayaan urang Sunda, raket pisan gumulungna antara unsur Animisme jeung Dinamisme, Hindu, Budha, sarta Islam. Ieu hal bisa katitén tina sistem kapercayaan, ritual ibadah, jeung upacara-upacara kaagamaan.

Hasan Mustopa jeung Atik Soepandi (dina Kurnia Novita, 2010:3) ngadéskrripsikeun adat istiadat urang Sunda dina rupa-rupa upacara nya éta:

“(1) Upacara yang berkaitan dengan anak; (2) pernikahan; (3) upacara sekitar usaha pertanian; (4) upacara sekitar rumah atau tempat tinggal; (5) penolak bala atau malapetaka; (6) selamatan sekitar bulan atau hari-hari penting; (7) keinginan khusus; (8) mencari kekayaan dunia; (9) black magic teluh, santet, pelet; (10) perhitungan waktu, (hari, bulan, weton); (11) kesukaan atau kesenangan tertentu; (12) selamatan sekitar kematian;”

Dina tradisi nyangkaruk aturan-aturan nu wajib diturut jeung dilaksanakeun ku masarakat. Ieu aturan tumuwuh kalayan turun-tumurun. Ku kituna, ieu tradisi mangrupa pranata sosial nu miboga pungsi pikeun jadi control-sosial kana paripolah campur gaul di masarakat. Salaku pranata sosial, tradisi pinuh ku symbol-simbol nu mangrupa alat komunikasi manusa, nu nyambungkeun interaksi manusa jeung papadana.

Tradisi Ngunjungan mangrupa wujudiah hubungan antara manusa jeung pribadina, masarakatna, alamna, ogé pangérana. Éta hubungan téh mibanda tujuan pikeun ngahontal silaturahmi jeung kasampurnaan hirup. Tradisi ngunjungan mangrupa média pikeun ngageuingkeun kasadaran manusa, ka masarakat di sabudeureunana, alamna, jeung ka Pangéranna.

Pikeun ngaraksa jeung ngariksa éta tradisi, perlu diayakeun panalungtikan. Panalungtikan tradisi Ngunjungan téh mangrupa salah sahiji wujud usaha pikeun ngamumulé ajén-inajén budaya bangsa sacara gembleng.

Ieu panalungtikan dipiharep boga mangpaat pikeun pangdeudeul dina mekarkeun kabudayaan jeung tradisi éta sorangan. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep generasi ayeuna hususna rumaja bisa leuwih wanoh, nyaah, jeung ngabogaan tarékah pikeun ngamumulé tradisi titinggal karuhunna. Lantaran éta budaya téh sok kapopohokeun nu tungtungna dipopohokeun.

Dina enas-enasna mah kabudayaan téh ngabogaan unsur-unsur anu geus nyampak di satungkebing langit (*universal*). Nurutken (Koentjaraningrat, 1992:2), unsur-unsur kabudayaan téh nya éta: 1) sistem religi jeung upacara kaagamaan, 2)

sistem sosial jeung sistem kamasarakatan, 3) sistem pangaweruh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem teknologi.

Désa Cilewo nya éta hiji wewengkon di kabupatén Karawang anu masih kénéh ngalaksanakeun tradisi Ngunjungan dina waktu ngawinkeun, sabab masarakat désa Cilewo ngajaga pisan tradisi nu mangrupa warisan turun-tumurun ti karuhunna. Panalungtikan ngeunaan ajén sosiologis dina tradisi Ngunjungan perlu pisan, sangkan urang Sunda mikanyaho yén Sunda téh beunghar ku tradisi nu réa pisan ma'na kalayan ajén-inajén nu mangpaat dina kahirupan.

Panalungtikan Tradisi Ngunjungan di désa Cilewo téh can aya nu nalungtik. Ku kituna ieu skripsi di judulan “Ajén Sosiologis dina Tradisi Ngunjungan di Désa Cilewo Kecamatan Telagasari Kabupatén Karawang”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan bisa leuwih museur, ieu masalah anu ditalungtik diwatesanan dumasar kana judul panalungtikan. Ku kituna, nu ditalungtik museur kana ajén sosiologis Tradisi Ngunjungan nu aya di wewengkon Désa Cilewo, pikeun pangdeudeul matéri muatan lokal basa Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, rumusan masalah panalungtikan ngeunaan budaya ngunjungan dirumuskeun dina wangun patanyaan, ieu di handap:

- 1) Kumaha déskripsi désa Cilewo?
- 2) Kumaha déskripsi tradisi Ngunjungan tèh?

- 3) Kumaha prak-prakanana Ngunjungan téh?
- 4) Ajén sosiologis naon nu nyangkaruk dina budaya Ngunjungan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh ajén sosiologis Tradisi Ngunjungan di Désa Cilewo, Kecamatan Telagasari, Kabupaten Karawang. Nu geus jadi hal wajib dina acara ngawinkeun sabab ieu tradisi nu mangrupa warisan ti karuhun urang Karawang

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan, nya éta pikeun:

- 1) ngadéskripsikeun désa Cilewo
- 2) medar hal anu ngalantarankeun ayana tradisi Ngunjungan.
- 3) medar prak-prakanana tradisi Ngunjungan.
- 4) medar ajén Sosiologis nu nyangkaruk dina tradisi Ngunjungan.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis, nya éta sumbang pikiran pikeun bahan pangajaran artikel kabudayaan di SMA kelas XII. Sangkan siswa wanoh kana tradisi nu aya di wewengkon séwang-séwangan, nu geus jarang di mumulé ku masarakat Sunda kiwari.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Nu nulis, sangkan apal ajén sosiologis dina tradisi Ngunjungan;
- 2) Masarakat, pikeun nambahan pangaweruh tur mikanyaho yén dina tradisi Ngunjungan téh ngandung ajén-inajén sosiologis;
- 3) Guru Basa Sunda, bisa dijadikeun référénsi pikeun bahan ajar kabudayaan;
- 4) Lembaga, bisa ngamumulé kabudayaan nu aya di tatar Sunda.

1.5 Wangenan Operasional

- 1) Ajén sosiologis nya éta ma'na nu boga mangpaat pikeun kahirupan masarakat ngeunaan tatacara hirup kumbuh di masarakat. Ajén sosiologis dina tradisi Ngunjungan, nya éta ajén nu méré conto hadé sangkan hirup merenah jeung papadana;
- 2) Tradisi Ngunjungan nya éta hiji budaya nu aya di wewengkon desa Cilewo, nu dilakukeun sanggeus akad nikah. Ti kulawsarga pangantén awéwé ka kulawarga pangantén lalaki.
- 3) Cilewo nya éta hiji wewengkon di Kabupatén Karawang tempat lumangsungna ieu panalungtikan ngeunaan tradisi Ngunjungan. Sabab désa Cilewo masih kénéh ngamumulé ieu tradisi Ngunjungan.

1.6 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan sakumaha anu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Ajén sosiologis mangrupa salah sahiji unsur anu nyampak dina tradisi Ngunjungan.
- 2) Kabudayaan téh nya éta hasil cipta, rasa jeung karsa anu ngawengku kabéh aspek kahirupan manusa dina hirup kumbuhna.
- 3) Tradisi Ngunjungan nya éta hiji budaya nu aya di wewengkon désa Cilewo, anu dilakukeun sanggeus akad nikah.

